# SÓZ JASALÍWDÍ OQÍTÍWDA JASALMA INTELLEKT TEXNOLOGIYALARÍNAN PAYDALANÍWDÍŃ NÁTIYJELILIGI

**Patullaeva G.S.**
*filologiya ilimleriniń kandidatı*
*Ájiniyaz atındaǵı NMPI Qaraqalpaq tili kafedrası* docent

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18903253

***Annotaciya:*** *Globallasıw dáwirinde qaraqalpaq tili sóz jasalıwın oqıtıwda jasalma intellekt texnologiyasınan paydalanıw, onıń usılları menen onıń nátiyjeliligi, deskriptorlardı tayarlawdaǵı maqset hám talapları sóz etilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *Sóz jasalıw, jasalma intellekt texnologiyası, assessment, deskriptor, lingvistikalıq tallaw, modellew.*

***Annotaciya:*** *Rassmotrenı ispolzovanie texnologii iskusstvennogo intellekta v obuchenii slovoobrazovaniyu karakalpakskogo yazıka v epoxu globalizacii, ee metodı i effektivnost, a takje celi i trebovaniya k razrabotke deskriptorov.*

***Klyuchevıe slova:*** *slovoobrazovanie, texnologiya iskusstvennogo intellekta, assessment, deskriptor, lingvisticheskiy analiz, modelirovanie.*

***Abstract:*** *The era of globalization the use of artificial intelligence technology in teaching word formation in the karakalpak language, its methods and effectiveness, as well as the goals and requirements for developing descriptors, are discussed.*

***Keywords:*** *Word formation, artificial intelligence* technology, assessment, descriptor, linguistic analysis, modeling.

Házirgi sanlastırıw dáwirinde onı bilimlendiriwde de qollanıw zamanagóy oqıtıwdıń aldına kóplegen wazıypalardı qoyadı, ol zamanagóy oqıtıwshıdan tereń bilimli, kúshli dóretiwshilikti talap etedi. Til bilimin oqıtıwda sanlı oqıtıwdaǵı jasalma intellekt texnologiyaları jańa múmkinshilikler bermekte. Qaraqalpaq tili páninde jasalma intellektten orınlı paydalanıp oqıtılsa, tiykarınan, waqıttı únemlewge, studenttiń qızıǵıwshılıǵın arttırıwǵa, pán boyınsha ilimiy hám ámeliy kompetenciyalarǵa iye bolıwına, sonday-aq onı individul oqıtıwǵa erisemiz. Studentlerge qaraqalpaq tili páni oqıtılǵanda jasalma intellektti analitikalıq qural sıpatında qollanıp, ol arqalı tolıq tallaw, izertlew hám akademiyalıq túsinikti qáliplestiriw ushın qural sıpatında paydalanıladı.

Sóz jasalıw tildiń dinamikalıq tiykarın kórsetetuǵın taraw bolǵanlıqtan, student sóz jasalıw máselelerin úyreniw arqalı tek teoriyalıq bilim almay, sóz jasalıw procesin talqılawı, salıstırıwı hám modelley alıwı tiyis. Usı kózqarastan jasalma intellekt texnologiyası analitikalıq hám modellewshi qural sıpatında interaktiv tallaw, qáte tallaw, jańadan sóz jasaw sıyaqlı usıllar arqalı studenttiń sınlıq oylaw qábiletin rawajlandıradı. Bul texnologiya akademiyalıq bilimdi qáliplestiredi hám ilimiy argument jasaw qábiletin jetilistiredi. Student onnan paydalanıp ózbetinshe esse, maqala, referat jazıw ushın jasalma intellekt arqalı joba dúziw, kirisiw jazıw ushın

ideya beriw, talqılaw ushın pikir-usınıs beriw, juwmaq tayarlawda járdemshi qural boladı. AI, sóz lingvistikalıq tallaw islewde ol arqalı tekstti morfologiyalıq tallaw, sintaksislik dúzilisin anıqlaw, stillik ózgesheliklerin túsindiriw, diskurs tallawda baǵdar beredi. Bunda studentlerge jasalma intellekt penen isleskende onıń avtor bola almaslıǵı aytılıp, barlıq juwaptı tekserip, talqılaw kerekligin, sonday-aq úyrengen materiallarınıń dereklerin kórsetip tayarlawı kerekligi ayrıqsha tapsırıladı.

Studentlerdi bahalawda kerekli assessmentler sıpatında jasalma intellekt járdeminde bahalaw kriteriyaların tayarlaw, deskriptor tayarlaw, keri baylanıs tekstin tayarlaw menen birge interaktiv sabaq ótiw ushın sózlik oyınlar, rebuslar, sózjumbaqlar tayarlaw múmkin.

Sabaqlarda pánniń mazmunına tiyisli kóplegen terminlerdi úyreniw kónlikpelerin qáliplestiriwde jasalma intellekt arqalı terminler menen jumıs islew, atap aytqanda terminlerdi túsindiriw, salıstırmalı tallaw, mısallar keltirip tallaw, til qubılısın ápiwayı sóylew menen túsindiriwge ayrıqsha itibar beriledi.

Biz sóz jasalıwdı jasalma intellekt texnologiyasınan paydalanıp oqıtıwdıń hár kıylı usılların hám onıń nátiyjesin kórip shıǵamız.

Dórendi sózlerdi ilimiy tilde túsiniwi ushın olarǵa ilimiy derekten teoriyalıq material berilip, oqıp túsinip alıp ápiwayı tilde qayta túsindirip beriwge erisiledi. Nátiyjede tillik registr ayırmashılıǵın kórsetedi.

Kesteshilik, qamsızlandırıw, ǵárezsizligimizdiń, qaraqalpaqsha dórendi sózleriniń qurılısına tallaw islewdi tapsırǵanda studentler jasalma intellektke bul mısallardı berip, juwapların tekserip qalay orınlanǵanın tekseriw, qátelerin tabıw arqalı elede izleniwine, sonday-aq bunıń nátiyjesinde óziniń kózqarasın beriw kónlikpesin rawajlandıradı. Nátiyjede studentte sınlıq oylawdı rawajlandıradı.

Sóz jasalıw úlgilerin modellew usılı arqalı ónimli affiksler anıqlanadı. Máselen, -shı, -shi affiksi arqalı jasalǵan on sózdi tawıp, olardıń qaysısınıń mánili, durıs jasalǵanın heshqanday túsinikti bildirmewin tiykarlap, talqılap beriw tapsırıladı. Bul usıl arqalı studentlerdiń sóz jasaw, onı tiykarlap beriw, sonday-aq tillik normaǵa sáykesligin dálillew kónlikpeleri jetilisedi.

Salıstırmalı tallaw usılı qaraqalpaq tilindegi sóz jasaw usılları menen basqa tillerdegi sóz jasalıw usıllar salıstırıwıladı. Bul lingvistikalıq pikirlewin rawajlandıradı.

Izertlew baǵdarı usılı menen ilimiy izertlew jumısları ushın «Media tilindegi jańa mánili sózler», «Jaslar tilindegi sóz jasalıw procesleri», «IT arqalı kirip atırǵan jańa mánidegi sózler» hám t.b. temalar tańlanadı. Jasalma intellekt usı ilimiy izertlew temalarına izertlew sorawların dúzedi, ilimiy boljaw hám dálillew ushın baǵdarlaydı, isleytuǵın jumısların jobalastırıp beriwde járdemshi qural boladı.

Sabaqtıń sapasın arttırıwda, ádil bahalawda hám studentlerdiń oylawına durıs jol kórsetiwde deskriptorlardıń ornı ayrıqsha. Deskriptor latın tilindegi sóz bolıp, táriyplewshi mánisin berip, házirgi pedagogikada nátiyjeni ólshew quralı sıpatında, oqıw procesiniń sapasın obektiv túrde anıqlawda keń qollanıladı. Deskriptor studentlerdi bahalawda qollanılatuǵın anıq kórsetkish bolıp, studenttiń biliwi kerek bolǵan material boyınsha berilgen tapsırmanı orınlaw dárejesin biliwdi belgili kórsetkishler arqalı anıqlawda qollanıladı. Ol arqalı student tapsırmanı qáytip orınlaǵanda jaqsı baha alıwǵa erisetuǵını kórsetiledi. Deskriptorlar kóbinese feyil sózlerde beriledi. Máselen, sóz jasalıw páninen dórendi sózlerdiń sóz jasalıw qurılısın anıqlaw tapsırması berilgende, dórendi sózdi durıs anıqlaydı, túbirdi taba aladı, affikslerge durıs jikleydi, sóz jasaw usılın tabadı, mısal keltirip, talqılap beredi, tallawın dálilleydi  sıyaqlı anıq bolǵan deskriptorlardan paydalanamız.  Demek, deskriptor tiykarınan tereńirek, ilimiy dárejede bolıp, anıqlaydı, tallaydı, dálilleydi, salıstırıp juwmaq jasay aladı hám t.b. anıq bolǵan feyil sózler menen jazıladı, ólshem kórsetkishi isleniwi kerek, ulıwmalıq emes, anıq bolıwı tiyis, kishkene elementar táreplerin de bahalawǵa baǵdarlanıwı kerek basshılıqqa alınadı principleri tiykarında tayarlanadı.

Qaraqalpaq tilin oqıtqanda studentlerdiń jasalma intellektten qural sıpatında paydalanǵanında ol arqalı berilgen juwaplardı tikkeley kóshirmesten  juwap penen tereńnen tanısıp, analizlep, tekserip kóriwi soraladı hám hárbir talqılaw, tallawlardı dálillep beriw talap etiledi.

Juwmaqlap aytqanda, sóz jasalıwdı studentlerge oqıtqanda jasalma intellekt arqalı anıqlamaların, tiykarǵı ilimiy hám ámeliy juwmaqtı beretuǵın qural emes, tallaw hám modellew quralı sıpatında paydalanılsa maqsetke muwapıq boladı.

**Ádebiyatlar:**

1. Букина Т.В. Искусственный интеллект в образовании – Педагогика: Россия, Калининград, 2025, №1, стр.76-82
2. Сейитов А. Жасалма интеллект технологиялары жәнe оларды оқытуда қолланыў. Ташкент: Фан, 2020.
3. Назарова Г. Тил оқыту методикасы: Жаңа технологиялар әмелийети – Алматы: Мектеп, 2019.
4. Patullaeva G. Qaraqalpaq tilinde sóz jasalıw – Tashkent: Tafakkur avlodi, 2020.